Pou Piblikasyon Imedya: 29/11/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON 60 INITE DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB NAN SCHENECTADY

Devlopman ki konplètman elektrik ak efikas an enèji nan katye Mont Pleasant lan pral genyen 30 apatman ak sèvis sipò

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon Mosaic Apartments, yon devlopman de bilding ki pral kreye 60 apatman nan katye Mont Pleasant nan Schenectady. Devlopman ki konplètman elektrik ak efikas an enèji a pral gen ladan 30 apatman ak sèvis sipò sou plas pou granmoun aje ak moun ki en andikap yo.

"Envestisman jodi a nan Schenectady pral kreye plizyè douzèn apatman abòdab, ki efikas an enèji ki nesesè anpil nan kè youn nan kominote ki pi vibran nan vil la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman pou l abòde kriz lojman New York la nan kreye opòtinite lojman abòdab ak sipò ki amelyore katye yo pou rezidan ki egziste deja yo ak jenerasyon k ap vini yo."

Pandan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 500 apatman abòdab nan vil Schenectady. Mosaic Apartments kontinye efò sa a epi li fè pati Plan Lojman Global 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Mosaic Apartmentss pral genyen yon batiman kat etaj ak 46 apatman epi yon batiman twa etaj ak 14 apatman. Tout apatman yo ap a pri abòdab pou fwaye k ap touche 60 pousan oswa mwens pase Revni Medyàn pou Zòn lan. Yo pral bay rezidan yo entènèt wo debi gratis ak enstalasyon lesiv nan chak batiman.

Yo pral rezève senk apatman pou Nouyòkè ki pi aje yo epi 25 apatman pral ofri rezidan yo aksè ak sèvis sipò sou plas ak sibvansyon pou lwaye ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la epi se Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York k ap administre li. Devlopè ak founisè sèvis sipò a se DePaul.

Mosaic Apartments te resevwa finansman ki soti nan Pwogram Nouvo Konstriksyon - Lojman, Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy, Research and Development Authority, NYSERDA) pou reyalize yon nivo dirabilite ak rediksyon kabòn ki wo epi li te fèt an akò ak estanda bilding vèt ki nesesè pou sètifikasyon Enterprise Green Communities Plus la. Devlopman ki konplètman elektrik la pral gen ladan yon sistèm solè, ekipman chofaj ak refwadisman, aparèy elektwomenaje ak aparèy limyè Energy Star oswa ekivalan.

Finansman Eta a pou devlopman 27 milyon dola a gen ladan 11 milyon dola nan Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba yo ak 9 milyon dola nan sibvansyon HCR. Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la ap bay 4 milyon dola atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) la. NYSERDA te resevwa 240,000 dola. OMH ap bay yon Sibvansyon Devlopman Pwogram ki koute 226,200 dola. Schenectady Metroplex ap bay 525,000 dola epi Bank Fonsyè Rejyon Kapital (Capital Region Land Bank) la ap bay 200,000 dola.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Pandan Schenectady ak Rejyon Kapital la ap kontinye ap grandi, envestisman nan agrandi rezèv lojman an vin tounen yon nesesite. Mosaic Apartments pral bay 60 fwaye yon kay ki an sekirite, ki gen ladan 30 ki pral resevwa sèvis sipò enpòtan pou yo rete an sante ak endepandan, epi konsantre sou dirabilite pral ede nou atenn objektif rediksyon kabòn Gouvènè Hochul yo. Mèsi ak DePaul, patnè ajans leta nou yo, ak tout moun ki te jwe yon wòl entegral nan atenn etap enpòtan sa a, epi mwen pa ka tann pou mwen wè Mosaic Apartments vin pi kay rezidan Mont Pleasant yo ki pi resan."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "NYSERDA fyè pou l ede bay moun New York ki vilnerab yo lojman ki an sekirite ak abòdab atravè pwojè tankou sa a ki enkòpore dènye karakteristik efikasite enèj, estanda bilding vèt, ak enèji renouvlab sou plas. Yon fwa yo fini, Mosaic Apartments ki konplètman elektrik yo pral ede rezidan Schenectady yo jwi bon jan kalite espas pou viv ki konfòtab ansanm ak aksè ak sèvis sipò yo bezwen yo."

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "30 inite lojman sipò pèmanan k ap kreye nan kad pwojè sa a pral ede estabilize sitiyasyon lojman an pou kèk nan rezidan ki pi vilnerab nou yo pandan y ap asire yo gen aksè fasil ak sèvis ki ka ede yo pwospere. Gouvènè Hochul te pran yon angajman solid nan devlopman lojman sipò atravè eta a epi li rekonèt enpòtans li nan transfòme kominote yo ak lavi Nouyòkè yo".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Envestisman nan lojman dirab, abòdab se yon pati esansyèl nan efò nou pou konstwi kominote ki pi solid. Anons jodi a reflete yon angajman pwofon pou bay bon kalite espas pou tout rezidan Rejyon Kapital nou an, sitou pou granmoun aje ak moun ki gen andikap yo. Mwen fyè pou m selebre lansman devlopman ki konplètman elektrik sa a ki efikas an enèji ki pa sèlman pral adrese

bezwen lojman enpòtan yo nan zòn Schenectady a, men tou ki pral ede nou avanse nan direksyon yon avni ki pi vèt pandan y ap kreye anviwonman enklizif ki asire byenèt tout rezidan nan rejyon kapital la."

Senatè Eta Jim Tedisco te deklare, "Lojman abòdab se yon pwoblèm enpòtan pou anpil Nouyòkè k ap viv sou revni fiks, espesyalman granmoun aje nou yo ak moun ki gen pwoblèm mantal. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote NYS pou efò yo fè nan konstwi 60 nouvo apatman abòdab nan vil Schenectady ak 44èm Distri Sena a ak sèvis sipò pou rezidan ki ka bezwen yo pou yo viv poukont yo."

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Mosaic Apartments lan se yo se yon temwayaj devouman nou ak angajman nou pou bay lojman abòdab ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo nan katye Mont Pleasant Schenectady a. Pandan n ap kòmanse devlopman ki gen de bilding sa a, k ap kreye 60 nouvo kay, nou priyorize byennèt Nouyòkè ki pi aje yo ak moun ki bezwen sèvis sipò nan kominote nou an. Ansanm, nou kontinye bati yon New York ki pi solid, ki pi enklizif."

Prezidan Chanm Lejislatif Konte Schenectady, Anthony Jasenski te deklare, "Pwojè sa a se yon lòt egzanp angajman sou fason travay ansanm fonksyone. Avèk sipò ak finansman Metroplex, Bank Fonsyè Rejyon Kapital la, ak administrasyon Gouvènè Hochul la, de bilding sa yo pral bay 60 inite abòdab ak sipò pou granmoun aje ak moun ki soti isit la nan kominote nou an."

Gary R. McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare, "Mosaic Apartments make yon transfòmasyon esansyèl pou koridò Crane Street la, ki reprezante pi gwo envestisman nan lojman abòdab pou katye Mont Pleasant lan nan istwa resan. Sa a se jis youn nan anpil pwojè transfòmatif resan ke patnè nou yo nan gouvènman eta a te rann posib epi li pral enpòtan anpil nan rann lojman abòdab pou rezidan Schenectady yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya ak sipò kontinyèl li anvè vil Schenectady."

Prezidan DePaull Mark H. Fuller, te deklare, "DePaul pa la tann pou agrandi kapasite nou pou ofri estabilite lojman ak chanje lavi nan Konte Schenectady. Nou vle remèsye Gouvènè Hochul, Eta New York, ak tout patnè kominotè ak bayè fon nou yo paske yo te bay finansman ak sipò pou fè Mosaic Apartments vin yon reyalite."

###